**Ádebiyattanıw**

**Удк: 82(1)894.375**

# «ЕР ЗИЙЎАР» ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ ҚАҲАРМАНЛЫҚ ДӘСТАНЛАРЫНЫҢ СЮЖЕТ ТИПОЛОГИЯСЫ

**А.У.Бекбергенова –** *киши илимий хызметкер*
*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** типология, фольклор, образ, мотив, достон, сюжет.
**Ключевые слова:** типология, фольклор, образ, мотив, эпос, сюжет.
**Key words:** typology, folklore, image, motive, epic, plot.

Дүнья фольклортаныў илиминде халық аўызеки дөретпелерди соның ишинде дәстанлардың да бир-бири менен сюжетлик байланысларын үйрениў, оларды типологиялық жақтан салыстырмалы изертлеў күтә әҳмийетли мәселелердиң бири екени нәзерде тутылады. Дәстанлар бойынша салыстырмалы изертлеў алып барған илимпаз академик В.М.Жирмунский: «Дүнья халықларының батырлық дәстанларында типологиялық уқсаслық жийи ушырасатуғынлығын, ондай уқсаслық бир теклес, тәғдирлес халықларда ғана емес, бир-биринен узақ болған халықлардың эпослық мийрасларында да көп екенлигин» [1] атап өтеди. Ал, қарақалпақ эпостаныўшы илимпаз И.Сағитов: «…Шығыс ҳәм батыс халықларының эпослық творчествосында белгили социальлық ҳәм мәдений раўажланыў жағдайларынан келип шыққан тарийхый типологиялық уқсаслықлар, бир-бирине уқсас келетуғын бир қатар темалар, мотивлер, сюжетлер, ўақыялар гезлесип отырады» [2] – деп жазады. Ҳақыйқатында да, «Ер Зийўар» дәстанының кириспесинен-ақ қаҳарманлық дәстанларға тән типологиялық сүўретлеўлер орын алған. Дәстан сюжетиндеги болып өткен урыс саўашлары, қаҳарманлардың ҳәрекетлери, ондағы мотивлерди қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары менен салыстырып үйренгенимизде «Алпамыс», «Қырық қыз», «Қоблан» ҳәм т.б. дәстанларда да бирқанша уқсаслықлардың бар екени анықланды. Мәселен, «Ер Зийўар» дәстанындағы қалмақтың ханы Тақтаполаттың, тыныш татыў жасап атырған Хорезм ханлығын басқа еллердей етип басып алыў ушын дүзген режеси, бул нийетин ўәзири Абақан арқалы Ҳәсен ханға жеткериўи, усы сум хабарды еситкен ханның қапашылық ҳалатқа түсиўи, албыраўы, қасындағы бийлери менен ойласыўы, турмыслық сүўретлеўлер менен бериледи. Бирақ, дәстанда елдиң азатлығы ҳәм еркинлиги ушын басқыншылыққа қарсы гүресиў идеясы мектепте оқып атырған, өспирим жасындағы балалар Ерзиўар менен Жанайдың образында көринеди. Халық идеалындағы эпик қаҳарман батыр образының күтә жас ўақытларынан-ақ сыртқы жаўларға қарсы атланысы қаҳарманлық дәстанларға тән дәстүрий сүўретлеўлердиң көриниси. «Алпамыс» дәстанының да қоңсылас халықлар (қазақ, өзбек) версияларындағы ўақыялар бир бирине уқсас болып түркий тиллес халықлардың халық аўыз еки әдебияты эпосларындағы қахарманлық дәстанларға тән қубылыслардың барлығы орын алады. Қаҳарманның туўылыўы, оның қалыңлық излеўдеги батырлық ҳәрекетлери, муҳаббатына садықлық, елин сыртқы жаўлардан қорғаўдағы қаҳарманлықлары әҳмийетли есапланады. Сондай-ақ, жоқарыдағы дәстанның сюжет мотивлеринде «Ер Зийўар» дәстанына үнлеслигин көриўимизге болады. Әсиресе, Алпамыс батырдың елин сыртқы жаўлардан қорғаўдағы қаҳарманлығы, Гулпаршынға садықлығы, өзге журтқа қыз излеў сапарындағы машақатлы ўақыялардың да байланыслы екени байқалады. Мысалы, «Алпамыс» дәстанында Алпамыс Гулпаршынның хабарын еситкеннен кейин ҳеш тақаты болмай түринен түр қалмай тез излеп кетиўди алдына мақсет етип қояды. «Ер Зийўар» дәстанында да Айнажамалдың хабарын кәлендерден еситкен Ер Зийўар тез Зернигар журтына кетиўге асығады. «Алпамыс» дәстанында қыз излеў сапарында Алпамыс өзине Қаражанды таўып қыяметлик дос тутынса, «Ер Зийўар» да Ер Зийўар Зәўрияны таўып дос тутынады. Еки дәстанда қыз излеў сапарына кетип баратырып батырлар ата-аналарынан пәтия алып болып жолға шығады. Дәстан сюжетиндеги мәстан кемпир образы еки дәстанда да бирдей минез-қулыққа ийе болып адамларға жаманлық, аңсат дүнья арттырыў, қара басының ғамын ойлаўдан ибарат. «Алпамыс» дәстанында мәстан кемпир Тайшыханға хызмет етеди, бирақ адамларға жаманлығы нәтийжесинде дүнья топлайды. «Ер Зийўар» дәстанындағы мәстан кемпир образы өзине хызмет еткени менен олда адамларды жолда тонап жаманлық ислеп күн көреди. «Алпамыс» дәстанында Тайшыханның Алпамысқа ислеген жаманлығынан кызы Арзайым қутқарса, «Ер Зийўар» дәстанында Ер Зийўарға мәстан кемпирдиң ислеген дузағынан қызы Зәўрия қутқарады. Еки дәстандағы той мересимине, урыс ўақыяларындағы саўашларға, ондағы қаҳарманлардың елди қорғаўдағы ҳәрекетлерине байланыслы жыраўлар жырлаған қосық қатарларында да бир қанша уқсаслықларды мысалы, «Алпамыс» дәстанында «Ели халқын жыйдырды, Мал семизин сойдырды» [3], «Алдын қырдым дегенде, Арты гүўлеп толады, Артын қырдым дегенде, Алды гүўлеп толады» [3] ҳәм «Ер Зийўар» дәстанында «Ели халқын жыйдырды, Мал семизин сойдырды» [4], «Алдын қырдым дегенде», Кейни ғаўлап толады, Кейнин қырдым дегенде, Алды ғаўлап толады» [4] – деген урысқа байланыслы усындай қосық қатарларды «Қырық қыз» [5] дәстанында да көриўимизге болады. «Ер Зийўар» ҳәм «Қырық қыз» дәстанларының сюжет типологиясын салыстырып үйренгенимизде мазмуны жағынан да, батырлардың идеялық мақсетлериниң де бирқанша уқсаслықлары байқалады. Әсиресе, еки дәстанның да батырларының мақсети биринши орында елди сыртқы жаўдан қорғаў деген ұранды қояды. Мысалы, Тақтаполат Хорезм елин басып алыўды қысқа ўақыт ишинде хабарлайды, Суртайша хабар берместен бирден топылып барады. Ҳәсенханның ели урысқа таярлықсыз болыўына байланыслы душпаннан күши әззи келип кейин шегиниўге мәжбүр болады. Бирақ, жеңиске ерисиўге Зийўар менен Ер Жанай ғайрат салады. Ал, Саркоплыларда болса, Суртайшаны жеңиўге Гулайым менен Арыслан қаҳарманлық көрсетеди. Сондай-ақ, «Қырық қыз» дәстанында залым патшаға халқы қарсы шықса, «Ер Зийўар» дәстанында патшаның ўәзирлери Абакан, Арсарылар қарсы шығады. Және де еки дәстанның уқсас тәреплери Гулайым жоқ ўақытта душпан елине қарсы шабады, Ер Зийўар қыз излеў сапарында Зернигар журтында

жүргенде қалмақ ели патшасы Абакан Хорезм елине ҳүжим жасайды. «Қырық қыз» дәстанында Арыслан Гулайымның түсинде аян берсе, «Ер Зийўар» дәстанында Айнажамалға Ер Зийўар түсинде турмысқа шығатын жигити болып аян береди. Сондай-ақ, «Қырық қыз» дәстанында да батыр қыз Гулайымның туўылыўы ҳаққында сөз етилмейди, тек оның он төрт жасқа толғанындағы дәўиринен баслап айтылады, бул эпизод «Ер Зийўар» да сондай етип бериледи ҳәм еки дәстанда да ат қойыў, эпизодлары түсирилип қалдырылғанлығын көриўимизге болады. «Қырық қыз» дәстанында да «Ер Зийўар» дәстанындағы батырлардың нийети алға қойған мақсети елин сыртқы жаўдан қорғаў, ўатан мәпи биринши орынға қойылады. Урыста жеңип болғаннан кейин қыз излеў сапары басланады. Улыўма алғанда еки дәстанның да идеялық, сюжетлик тәреплери, батырлардың ҳәрекетлери үнлес болып келеди. Сондай-ақ, «Ер Зийўар» дәстанындағы сюжетлер басқа да қарақалпақ халқының қахарманлық дәстанлары «Мәспатша», «Қоблан», «Қурбанбек» дәстанларындағы батырлардың елди қорғаўдағы алып барған гүреслери, саўаш майданындағы батырлық ҳәрекетлери, қыз излеў сапарлары, қызды гүресип жеңип олжа еткендеги ўақыялары менен байланысы барлығын көриўимизге болады.

Қаҳарманлық дәстанларда басқыншы, жаўыз күшлер тәрепиндеги әке менен баланың, ямаса әке менен қыздың биргелесип әдилсизлик урысын алып барыўы көпшилик эпослар ушын тән. Лекин, қарақалпақ дәстанларының ишинде «Ерзиўар»да ғана унамсыз қаҳарман Тақтаполат ханның қызы Ақтамақ әкесиниң тәрепинде турып урыс алып барады. Мысалы, қалмақ елиниң бийи Абакан жеңилиске ушырағаннан кейин Тақтаполаттың жалғыз қызы Ақтамаққа әкесиниң жағдайының жақсы емеслигин жеңилиске ушырап атырғанлығын айтып, жәрдем бериўин сорайды. Себеби, Тақтаполаттың қызы Ақтамақта батыр еди. Абақаннан суўық хабарды еситкен Ақтамақ үш жүз алпыс батыр қызлары менен қуралланып урысқа атланады. Бул үш жүз алпыс қыздан ибарат батыр қызлардың дәстан ўақыясына енгизилиўи, әййемги амазонкашылық дәўирин еске түсиреди. Ақтамақ қырғын саўаш пайытында Ержанайды жарадар етеди. Жараланған инисиниң өшин алыў ушын Ер Зийўар Ақтамақты қуўып жетип өлтирмекши болады, бирақ қыз жалынып ЕрЖанайды жақсы көрип қалғанлығын билдиргени ушын, өлтирмейди. Бундай етип душпан қызының батырға ашық болып қалыў деталы көпшилик қаҳарманлық дәстанларға тән типологиялык сүўретлеў. «Ер Зийўар» дәстанында да Ҳәсен хан Жанайға Ақтамақты алып бериўге қайылшылық береди. Усылайынша урыста жеңилип, тутқын болған қызды өлтирмей аман қалыў ҳәм батыр менен қыздың некеси қыйылып турмыс қурыўы түркий халықлардың эпосларына тән сүўретлеўлер есапланады. Мысалы, гүресте жеңип алыў мотивиниң излерин қарақалпақ халқының «Гөруғлы» дәстанының «Кырмандәли» шақабында, «Қыз палўан», «Қараман», «Қоблан» дәстанында да ушырасады. Әсиресе, усы мотивтиң уқсас тәреплерин «Қоблан» дәстанында Қобланның урыста «олжа болған қыз»ды, яғный Қызпалўанды Айыллы Орақ атасына некесин қыйып берип ҳәм қаланы екеўине тапсырып өзи елине қайтқандағы эпизодта көриўимизге болады. Сондай-ақ, дәстанда елди сыртқы жаўлардан қутқарыўшы Ер Зийўар ҳәм Ер Жанайдың дараланған батырлық образы жасалады. Мысалы:

«Келген жаўды қуўайық,
Жаўдың мурнын уўайық,
Жерге тамған қанларын,
Ағын суў менен жуўайық,
Зийўардың мәртлик сөзлерин,
Халайық тыңлап турады,
Жүреклери шәўкилдеп,
Бәри ҳаллас урады» [4].

Туўылған елин қорғаўдағы усындай дәўжүреклик қаҳарманлықты қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстаны «Қурбанбек» теги Қурбанбек батырдың «Халық жаўына шыққан бизлер таламан, Кайда жаўың тезден гүзарын силте, Қорқар бала енди туўар анадан» [6] деген сөзлеринде байқаўға болады. Сондай-ақ, қаҳарманлық дәстанларға тән әке ҳәм балалардың басқыншы, душпан күшлерге қарсы бирликтеги гүреси «Мәспатша» дәстанында Әбдикеримбай менен баласы Мәспатшаның, Қоблан дәстанының Карам жыраў вариантында Қоблан менен оның балалары Ер Сайым, Мырза Сайымның ҳәм т.б. гүреслеринде көремиз.

Жуўмақлап айтқанда, «Ер Зийўар» дәстаны менен қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының уқсаслықлары, сюжетлик бағдарларының бирлиги олардың ҳәммесиниң түп-тийкарының бир екенлигин көрсетеди.

## Әдебиятлар


1. Жирмунский В.М. Народный героический эпос. –М-Л.: 1962. –С.435.
2. Сагитов И. Вопросы сравнительного изучения эпоса. «Вестник» ККФАН УзССР. №1, 1962. – С. 64
3. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. I-том. «Алпамыс». (Хожамберген Ниязов варианты). –Нөкис: «Қарақалпақстан». 2007. 47,68-б.
4. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 27-том. «Ер Зийўар». –Нөкис: «Илим». 2011. 23, 62-б.
5. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 9-том. «Қырық қыз». (Қурбанбай Тәжибаев варианты). –Ташкент: «Манъавият». 2009. 120-б.
6. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 45-том. «Қурбанбек батыр». -Нөкис: «Илим». 2012. 140-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада «Эр Зийуар» ва қорақалпоқ қаҳрамонлик достонларининг сюжет типологияси ўрганилади. Тадқиқот асосида достонларнинг сюжет типологиясини қиёсий тадқиқ этиш достоннинг келиб чиқиши, жанр хусусиятларини аниқлаш, мазмун-моҳиятини чуқур очиб беришда муҳим аҳамият касб этади деган хулосага келинади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье исследуется сюжетная типология «Ер Зийуар» и каракалпакского героического эпоса. На основе исследовании делается вывод в том, что сравнительное изучение сюжетной типологии былин важно для определения происхождения эпоса, жанровых особенностей, более глубокого раскрытия его содержания.

**SUMMARY.** The article explores the plot typology of «Er Ziyuar» and the Karakalpak heroic epic. Based on the study, it is concluded that a comparative study of the plot typology of epics is important for determining the origin of the epic, genre features, and a deeper disclosure of its content.